
Seri Literatur Jawa

1

LAYANG DJOJOBOJO



Kandjeng Pangeran Isbanue Basuki




ALANG-ALANG KUMITIR

LAYANG DJOJOBOJO



Kandjeng Pangeran Isbanue Basuki





Wedjangan kanggo mangerteni marang kuwasaning Gusti.
Nyiptakake ukuming agomo Kedjawen
kang ono wolong perkoro,
kanggoning bongoso Djowo.

1.

Kedjawen: among Gusti engkang moho kuwoso, nyiptakake kahuripan sarto ukume kahuripan kanggone bongoso Djowo. Kang uwes katulis deneng: Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo. Wekasaning Gusti: Tresnoho marang kahuripan siro, bandjor tresnoho marang sak podho - podhoning urep.

2.

Gusti engkang welas asih, lan moho kuwoso. Engkang kuwoso nyiptakake Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo kang diutos Gusti, ndjogo kahuripaning bongoso Djowo. Wekasaning Gusti: Ngelingono marang asal usol siro, odjo tumindak olo marang kahuripan siro. Semono ugo marang djalmo manungso.

3.

Gusti engkang welas asih, lan moho kuwoso. Engkang kuwoso ngutos Hosoropolo. Kanggo aringi pangelingan marang bongoso Djowo, supoyo biso mangerteni marang udjuting roso. Wekasaning Gusti: tumindakho kang djudjor marang roso siro. Awet roso kuwi tjahyoning Gusti kang moho sutji. Kang manggon ono ing rogo siro, odjo diregetake.

4.

Gusti engkang welas asih, lan moho kuwoso. Kang kuwoso nyiptakake sedulor papat. Supoyo bongoso Djowo biso mangerteni marang kuwasane, kang diparengake Gusti naliko iseh ing bumi sutji. Wekasaning Gusti: tumindakho kang betjek marang sedulor papat, kang asmone Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo.

5.

Gusti engkang welas asih, lan moho kuwoso. Supoyo bongoso Djowo biso nyirnakake sengkalane kahuripan, kang katon ugo kang ora katon, kang tekane soko setan. Ugo marang kasengsarane sukmo yen uwes bali marang kuwasaning Gusti. Wekasaning Gusti: tumindakho kang nastiti, marang. Sengkalane kahuripan. Supoyo yen siro bali ono ing ngarsaning Gusti, sukmo siro biso sempurno.

6.

Gusti engkang welas asih, lan moho kuwoso. Engkang kuwoso pareng dungo lan bohoso ngawi gaib, marang Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo, supoyo bongoso Djowo, biso mangerteni marang kuwasane sedulor papat, lan biso tjedak marang Gusti. Wekasaning Gusti: tumindakho kang sabar yen kahuripan siro ing bebayan. Gunakake kadegdayan siro, bebayan opo wahe bakal sirno soko kahuripan siro.

7.

Gusti engkang welas asih, lan moho kuwoso. Engkang kuwoso pareng pangaksumo marang bongoso Djowo. Supoyo yen bongoso Djowo nduweni kesalahan, biso ngakoni, kesalahane marang kahuripane, lan nenuwon marang Gusti. Wekasaning Gusti: Tumindakho kang betjek, odjo nuruti angkoro murko, kang tekane soko setan. Awet kasengsaran kang teko kanggo kahuripaning siro. Kang bakal nyonggo, anak lan putu siro.

8.

Gusti engkang welas asih, lan moho kuwoso. Engkang kuwoso nyempurnakake sak isine rogo kang ono ing kahuripaning bongoso Djowo, bali sempurno marang kahananing Gusti, kang moho kuwoso. Wekasaning

Gusti: Tumindakho kang sempurno marang udjuting kahuripan. Budi, roso, pikiran, lan angen - angen. Awet Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo, kang bakal. mbarengi lan nyaksekake marang pisahe sukmo, lan rogo siro.

Wedjangan kanggo mangerteni marang kuwasaning Gusti.
Nyiptakake kahuripan kang ono ing djagat iki.

1.
Sak durunge langet lan bumi ono kang manggoni. Gusti kang luweh disek nyiptakake isine
langet kang disebut: Mbulan, lintang, lan srengenge, kang dadi panunggune langet.

2.
Bandjor Gusti nyiptakake kahuripan kang disebut: Tetanduran, kang dadi panunggune, bumi
mulyo.

3.
Wedjangan kanggo mangerteni marang kuwasaning Gusti.
Nyiptakake kahuripan marang sedulor papat

Sak uwise Gusti nyiptakake kahuripan kang dadi panunggune bumi mulyo, kang disebut tetanduran. Bandjor Gusti nyiptakake kahuripan kang tekane soko angin, kang disebut molekat, kang dadi utusaning Gusti. Ndjogo kahuripan kang ono ing djagat iki. Semono ugo asmoning molekat kang tjatjahe ono papat.
1. Nduweni asmo: Djoborolo.
2. Nduweni asmo: Mokoholo.
3. Nduweni asmo: Hosoropolo.
4. Nduweni asmo: Hodjorolo.

4.
Wedjangan kanggo mangerteni marang kuwasaning Gusti.
Nyiptakake bumi sentoso.

Sak uwise Gusti nyiptakake kahuripan, kanggone molekat kang tjatjahe ono papat. Bandjor Gusti nyiptakake bumi sentoso, ugo kang biso disebut suwargo. Kanggone kahuripaning molekat. Ugo kanggo kahuripaning Midodari kang dadi utusaning molekat, kang manggon ono ing bumi sentosane Gusti. Ugo kanggo kahuripane djalmo mengkone, yen sabdhoning Gusti kuwi uwes temurun kanggoning djalmo manungso. Kang bakal disampekake; Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo.

5.
Wedjangan kanggo mangerteni marang kuwasaning Gusti.

Nyiptakake setan kang disebut somoro
bumi ugo anak lan putune.

Sak uwise Gusti nyiptakake bumi sentoso kang dadi panggonane Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo ugo poro Midodari. Bandjur Gusti nyiptakake kahuripan kang asale soko geni yo kuwi rojone setan kang disebut; Somoro Bumi. Lan iki ugo biso disebut kahuripane djalmo setan kang wiwitan. Kang teko ndjogo kahuripan ono ing bumi mulyo kene, soko perintahing Gusti.

6.
Wedjangan kanggo mangerteni marang kuwasaning
Somoro Bumi. Nyiptakake bumi sentoso,
ugo kang biso disebut neroko.

Sak uwise Gusti nyiptakake setan kang asmone Somoro Bumi. Kang nduweni kuwoso sak uwise Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo. Bandjur Somoro Bumi ngetokake kuwasane nyiptakake bumi sentoso kanggo kahuripane djalmo, kang melu marang dalane Somoro Bumi ono ing bumi mulyo kene. Bandjor Gusti, nyiptakake djolomo kewan.

7.
Wedjangan kanggo mangerteni ma rang kuwasaning Gusti.
Nyiptakake djolomo monongoso djowo, kang
wiwitan teko ngidak bumi mulyo kene.


Sak uwise Gusti, nyiptakake langet lan bumi sarto isine. Bandjor teko sabdhoning Gusti kang keri dewe. Nyiptakake kahuripan kanggone djolomo monongoso djowo.
1. Budine kahuripan kang nunggu, Djoborolo.
2. Rosone kahuripan kang nunggu, Mokoholo.
3. Pikirane kahuripan kang nunggu, Hosoropolo.
4. Sukmane kahuripan kang nunggu, Hodjorolo.

Bandjor metu sabdhoning Gusti, kanggoning Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo, kanggo nulis sabdhoning Gusti, ono ing layang Djojobojo.


8.
Wedjangan kanggo mangerteni marang kuwasaning Gusti.
Nyiptakake kahuripan lan sak isine kang ono ing djagat iki.
----

1. Langet lan bumi.
2. Mbulan lintang srengenge.
3. Tetanduran.
4. Suwargo.
5. Molekat. Djoborolo,
6. Mokoholo,
7. Hosoropolo,
8. Hodjorolo.
9. Setan Somoro Bumi.

10. Somoro Bumi nyiptakake neroko.
11. Djolomo Kewan.
12. Djolomo monongoso djowo.



Wedjangan kanggo mangerteni marang
kuwasane Gusti, pareng pangomongan
marang djalmo manungso.





Layang Djojobojo
Sabdhoning Gusti kang disampekake marang
Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo,
kanggone bongoso Djowo.

(Djoborolo: 1)

Gusti engkang welas asih lan moho witjaksono, engkang nyiptakake langet lan bumi sarto isinipon. Lan iki kang dadi sabdhoning Gusti, kang wiwitan kang ngutos aku maringi warto marang bongoso Djowo.

(Djoborolo: 2)
Supoyo siro bongoso Djowo, biso maringi pangerten marang bongoso Djowo, ugo djalmo manungso kang ono ing djagat iki. Supoyo djalmo manungso kuwi biso nenuwon marang Gusti, kang moho kuwoso. Anangeng djalmo manungso kuwi ora tahu pertjoyo deneng Gusti kuwi, kang pareng urep lan matine kabeh djalmo, lan iki sabdhoning Gusti. .

(Djoborolo: 3)
Djoborolo pareng dawoh: Gusti uwes maringi sabdho marang bongoso Djowo, ugo djalmo manungso liyane. Supoyo djalmo manungso kuwi biso mangerteni marang kuwasane Gusti.

(Djoborolo: 4)
Lan Gusti bakal masang tali marang gulune bongoso Djowo ugo djalmo manungso liyane, kang nglalekake marang opo kang dadi peparingane Gusti. Lan Gusti pareng dawoh: siro kabeh bakal songgowang lan lali, marang asal - usol siro, ugo marang asmone Gusti kang moho sutji.

(Djoborolo: 5)
Palang kang manggon ono ing ngarep lan mburine kahuripan siro bongoso Djowo, ora bakal biso sirno. Yen siro kuwi ora mangerteni marang opo kang dadi pendjalukhe Gusti.

(Djoborolo: 6)
Amergo kuwi, uripheng bongoso Djowo, ugo djalmo manungso kang ono ing djagat iki, kang ora pertjoyo marang Gusti. Bakal nemokake kasengsaran kang gede, yen Gusti kuwi uwes misahake sukmo lan ragane djalmo manungso. Lan pangomongan kang uwes diparengake Gusti marang djalmo manungso, bakal disuwon Gusti, bali ono ing ngarsane Gusti kang moho sentoso.

(Djoborolo: 7)
Gusti pareng dawoh: Siro bongoso Djowo kang ngrungokake opo kang dadi pendjalukhe Gusti. Opo wahe kang mbok suwon Gusti bakal maringi, lan djalmo manungso bakal manot marang ngendikane siro, senadjan Gusti kuwi ora biso didelok nganggo mripate manungso, awet Gusti kuwi ora katon udjute. Nangeng yen siro pertjoyo, siro biso ndeleng pangutjapane.

(Djoborolo: 8)
Gusti kang pareng pangaksumo dumateng djalmo manungso, kang wonten ing djagat meniko. Sedjatine Gusti arep maringi kahuripan maneh, kanggone djalmo manungso kang uwes sedoh. Lan semono ugo, olo betjikhe manungso uwes Gusti tules ono ing layang kang moho nyoto.

(Djoborolo: 9)
Gusti pareng dawoh: Aku ngutos Djoborolo ora liyo, supoyo biso maringi warto marang bongoso Djowo, kang iseh durong biso nyebot asmoku Gusti, supoyo bongoso Djowo kuwi biso nduweni pangelingan marang aku.

(Djoborolo: 10)

Anangeng bongoso Djowo kuwi tansah mbantah, marang opo kang dadi peparingane Gusti. Nganti akhire bebayan kuwi teko, manggon ono ing kahuripane bongoso Djowo kanggo sak mbendinane. Awet bongoso Djowo uwes ora tahu maneh, nduweni pangelingan kanggo nggolekhi asal - usule, nganti sak ikine.

(Djoborolo: 11)

Gusti pareng dawoh: Aku uwes maringi pitutor marang Djoborolo, ugo maringi pitutor marang ukume bongoso Djowo kang uwes tak tules ono ing layang Djojobojo. Supoyo bongoso Djowo kuwi biso melu marang dalanku kang tenanan, lan nyebot asmoku: Moho kuwoso Gusti engkang pareng sedantenipon dumateng kawulo. Anangeng siro bongoso Djowo, malah nyalahake aku. Sedjatine siro dewe kang nggolekhi kasengsaran kuwi, sebab ora ngrungokake marang pangomonganku.

(Djoborolo: 12)

Moho kuwoso Gusti, engkang nyempurnakake udjute Ingsoen kang pantjer, ugi kuwoso pareng sedulor papat kang ndjogo Ingsoen rino klawan wengi. Opo kuwi pantes mungguhing siro bongoso Djowo, nyembah aku Gusti nganggo bohosone wong liyo, sak untoro siro dewe mangerteni, deneng aku iki Gusti kang nggawe kahuripan, ugo kang nggawe patine siro.

(Djoborolo: 13)

Duh Gusti engkang moho witjaksono. Tjahyonipon rino pandjenengan sampon sirno, bali marang udjute wengi sangkeng kuwoso pandjenengan. Slametake Ingsoen ing dalu meniko, sirnakake bebayan kang tansah anggudo kawulo, slamet sangkeng kuwasanipon pandjenengan. Opo kuwi pantes kanggone siro bongoso Djowo, ora nyembah Gusti kang pareng sabdho kanggone siro. Lan sabdhoning Gusti kang uwes temuron kanggo djalmo manungso kang ono ing djagat iki, ora bakal biso diowahi. Lan semono ugo ukumane Gusti kanggone bongoso Djowo.

(Djoborolo: 14)

Gusti pareng dawoh: Yen siro ing bebayan bongoso Djowo, nenuwono siro kabeh marang aku, lan nyebuto asmoku: Gusti engkang welas asih, lan moho witjaksono, kang ngabulake opo kang dadi pendjalukhe kawulo.

(Djoborolo: 15)

Gusti kang moho sutji lan moho kuwoso, kang nggawe urep lan matine djalmo manungso. Amergo kuwi rungokake pangomongane Djoborolo kang dadi utusanku, kang pareng warto kanggone siro bongoso Djowo. Supoyo ing tembe mburine, siro kabeh ora keno murkaku, yen aku iki uwes misahake sukmo lan rogo siro.

(Djoborolo: 16)

Moho kuwoso Gusti kang nyiptakake langet lan bumi, sarto isinipon. Supoyo siro biso mangerteni marang kahuripan liyane kang ono ing djagat iki, kang ora biso didelok nganggo pikirane djalmo manungso, lan iki bakal dadi

kasunyatan. Yen siro kuwi mangerteni marang kuwasane Gusti kang moho sutji.

(Djoborolo: 17)

Awet opo kang diutjapake Gusti, bakal dadi kasunyatan. Lan semono ugo, ora ono sidjiho djalmo manungso utowo djalmo setan kang biso ngalang - ngalangi kekarepane Gusti. Awet kuwi, sak durunge murkane Gusti kuwi teko, rungokake opo kang dadi wekasanku iki, marang siro kabeh bongoso Djowo.

(Djoborolo: 18)

Anangeng amergo witjaksanaku kang gede, kang diparengake Gusti, marang aku. Aku iseh tansah maringi warto kang betjik marang siro bongoso Djowo, supoyo siro biso nduweni kahuripan kang sempurno, yen siro kuwi biso mangerteni marang Gusti.

(Djoborolo: 19)

Lan pangomonganku iki, yen disampekake marang bongoso Djowo liyane kang durong mangerteni marang Gusti. Opo siro ora wedi, marang siksane Gusti kang bakal teko, yen siro kuwi naliko uripe tansah mbantah marang kuwasane Gusti.

(Djoborolo: 20)

Gusti pareng dawoh: Ora ono sidjiho utjapan kang bener soko djalmo manungso opo wahe, kang ono ing djagat iki, ketjobo pangomongane Djoborolo kang tak utos pareng warto marang siro bongoso Djowo. Aku Gusti kang moho mreksani, kang sedjatine sabdhoku iki uwes tak tules ono ing layang Djojobojo. Nangeng bongoso Djowo kuwi nglalekake marang wedjanganku iki.

(Djoborolo: 21)

Gusti engkang welas asih lan moho witjaksono. Djalmo opo wahe kang ono ing djagat iki, kang katon utowo kang ora katon bakal tundok marang aku. Moho kuwoso Gusti, kang pareng kasempurnan dumateng udjuting kawulo kang moho sutji.

(Djoborolo: 22)

Siro bongoso Djowo, sedjatine uwes mangerteni marang kuwasaku, deneng Gusti ngutos aku supoyo biso maringi warto marang siro kabeh bongoso Djowo. Anangeng wekasane Gusti kang apek iki malah siro tinggalake, lan siro ugo lali marang aku.

(Djoborolo: 23)

Tjubo dipiker kang tenanan, marang pangomonganku iki. Siro ditjiptakake Gusti, soko: Lemah, geni, banyu, lan angin, bandjor teko udjute siro kang moho sutji ing bumi mulyo iki. Awet siro djalmo manungso djowo kang wiwitan, kang teko ono ing djagat iki, kang nggowo kuwasane Gusti, kang 35 dino.

(Djoborolo: 24)

Anangeng siro bongoso Djowo, ora tahu mangerteni marang peparingane Gusti. Kang uwes ditotho kanggone siro kabeh bongoso Djowo, naliko siro kuwi iseh mandjeng ono ing bumi sutji.

(Djoborolo: 25)

Gusti pareng dawoh: Yen Gusti ndeleng kahuripane siro bongoso Djowo, kahuripane siro kabeh nggawe nelangsane Gusti. Sedjatine siro kuwi mangerteni, deneng Gusti kuwi kang maringi, sak kabehe marang kahuripan siro.

(Mokoholo: 1)

Anangeng kabeh mahu, yen aku ndeleng. Uwes dadi pendjalukhe bongoso Djowo dewe, deneng kahuripane bongoso Djowo kuwi dadi kasurang - surang, awet ora mirengake maneh marang ngendikane Gusti, ugo marang ngendikanku kang diutos Gusti. Gusti kang moho witjaksono, pandjenengan djagi kahuripan kawulo meniko, sangkeng bebayan kang tansah nggudo kawulo rino klawan wengi, sangkeng kuwoso pandjenengan.

(Mokoholo: 2)

Gusti kang nyaksekake marang opo kang dadi kasengsarane kawulo bongoso Djowo, lan Gusti pareng sabdho: Roso kang manggon, ono ing atine siro bongoso Djowo, ora bakal biso ngapusi marang asal - usol siro, senadjan siro kuwi nglalekake asmone Gusti kang pareng kahuripan marang siro.

(Mokoholo: 3)

Gusti pareng dawoh: Sedjatine ora ono pangomongan kang kasep kanggone bongoso Djowo, kang durong mangerteni marang Gusti. Lan Gusti pareng sabdho: nyebuto asmoku Gusti kang pareng pangaksumo dumateng kawulo. Lan bongoso Djowo kang uwes biso nyebot asmoku Gusti, kudu biso ninggalake barang kang tjeloko kang manggon ono ing uripe. Awet bongoso sopo wahe kang ora ngrungokake opo kang dadi pangomonganku, bakal keno sabdhoku kang gede, kang ora ono enthekhe.

(Mokoholo: 4)

Lan Gusti pareng dawoh: siro bongoso Djowo yen uwes wantjine bali ono ing ngarsane Gusti, siro kabeh ora bakal biso ndjalok pangaksumo marang Gusti, ketjobo nerimo marang ukumaning Gusti, kang bakal nyengsarakake sukmane siro, mengkone.

(Mokoholo: 5)

Gusti pareng sabdho: Siro bongoso Djowo, lahir udho tanpo opo opo, ketjobo nggowo kuwasane Gusti kang papat, kang utjol bebarengan soko dalan kang tjilek. Semono ugo kang dikarepake Gusti kang moho sutji, yen siro bali. Anangeng siro kuwi tansah, nggawe olo marang ukumaning Gusti kang uwes diparengake marang siro.

(Mokoholo: 6)

Gusti pareng sabdho: Siro bongoso Djowo, odjo pisan - pisan nglalekake marang utusanku, kang uwes nules sabdhoku ono ing layang Djojobojo, kanggone siro bongoso Djowo. Awet olo lan betjikhe siro kabeh, uwes katules ono ing layang kang moho nyoto yen siro kuwi ora mirengake pangomonganku. Lan siro kabeh bakal nemokake kasengsaran kang gede, ing bumi sentoso mengkone, ugo marang keturunane siro.

(Mokoholo: 7)

Gusti pareng dawoh marang aku: siro bongoso Djowo, yen pertjoyo marang Gusti, opo wahe kang siro suwon, Gusti bakal maringi. Awet Gusti kuwi kang moho kuwoso, kang ngabulake opo wahe kang dadi pendjalukhe siro.

(Mokoholo: 8)

Gusti pareng dawoh: Tresnane Gusti marang siro bongoso Djowo ora ono bedane, senadjan Gusti kuwi maringi pangomongan liyo marang djalmo manungso. Supoyo djalmo manungso kuwi biso nenuwon marang Gusti, nganggo bohosone dewe - dewe.

(Mokoholo: 9)

Gusti pareng dawoh: Siro bongoso Djowo kang tak tresnani, aku maringi pangerten marang siro, supoyo siro kuwi biso mangerteni marang kuwasane Gusti, kang tuhu kuwi.

(Mokoholo: 10)

Awet kuwasane Gusti kang diparengake marang siro, luweh gede katimbang Gusti pareng kuwasane marang djalmo manungso. Supoyo bongoso Djowo kuwi biso nenuwon marang Gusti, nganggo bohoso ngawi, lan biso tjedak marang Gusti.

(Mokoholo: 11)

Gusti kang moho kuwoso kang nyiptakake sak widjine kedadian kanggone djalmo manungso. Tjubo dipiker kang tenanan marang ngendikane Gusti iki, siro nduweni bohoso kang okeh, sak untoro djalmo manungso kang ono ing djagat iki, ora nduweni.

(Mokoholo: 12)

Gusti kang moho kuwoso, kang nduweni panguwoso kang gede, ono ing djagat iki. Ugo siro bongoso Djowo kang tak paringi kadegdayan, marang bohoso ngoko, bohoso kromo inggel, bohoso kromo madyo, bohoso ngawi ngisor, bohoso ngawi nduwor, ugo isine layang Djojobojo. Supoyo siro kabeh biso nenuwon marang Gusti nganggo, opo kang dikarepake Gusti.

(Mokoholo: 13)

Gusti pareng dawoh: Gusti kang moho kuwoso pareng ukuman marang djalmo manungso, ugo djalmo setan kang ora mirengake marang dawuhe Gusti. Lan aku dewe, tansah maringi pangelingan marang siro bongoso Djowo. Anangeng siro kabeh malah nglalekake, marang agomo siro, kang uwes tak tules ono ing layang Djojobojo, lan siro malah tumindak kang olo marang bongoso siro dewe, ugo siro bakal mateni bongoso siro dewe, awet siro uwes ora tahu mangerteni maneh marang asal - usol siro.

(Mokoholo: 14)

Pangelingan siro bongoso Djowo, kang uwes manggon ono ing sirahe siro, bakal disirnakake Gusti soko kahuripane siro. Awet Gusti kang ngutos aku pareng warto lan agomone bongoso Djowo, kanggone siro kabeh, malah siro tinggalake.

(Mokoholo: 15)

Gusti kang moho mekso ukom, kang dadi kekarepane, lan djalmo manungso kang tumindak tjitro marang Gusti, kang ora mirengake marang wartoku iki. Bakal keno seksane Gusti kang gede.

(Mokoholo: 16)

Gusti pareng dawoh: Siro bongoso Djowo, mreksanono marang kuwasane Gusti, naliko siro manggon ing bumi sutji, umor pitong sasi. Amergo kuwasane Gusti siro dadi sempurno. Anangeng siro kabeh, ara tahu mangerteni marang kuwasane Gusti kang diparengake marang siro, supoyo siro biso ngutjapake sembah nuwon marang Gusti.

(Mokoholo: 17)

Djalmo opo wahe kang ono ing djagat iki, ono ing tangane Gusti, kang moho kuwoso. Lan Gusti biso nyirnakake opo wahe kang dadi kekarepane. Anangeng amergo witjaksanane Gusti kang moho kuwoso, kang ngutos aku. Gusti iseh maringi kalonggaran marang siro bongoso Djowo, kanggo nyuwon pangaksumo. Supoyo ing tanggal 1 hosoro, bongoso Djowo biso nebusi duso marang Gusti kang moho kuwoso. Gusti kang moho sutji, kang pareng pangaksumo dumateng kawulo, ugi Gusti kang moho sentoso, nebusi marang kesalahane bongoso Djowo, kang iseh durong mangerteni marang kuwasane Gusti. Kuwi sabdhoning Gusti kang disampekake, marang aku kanggone siro.

(Mokoholo: 18)

Gusti pareng dawoh: Sedjatine siro bongoso Djowo, nduweni kuwoso kang gede, soko Gusti. Katimbang Gusti pareng marang manungso liyane kang ono ing djagat. Anangeng sabdhoning Gusti, kang uwes tak tules ono ing layang Djojobojo, siro bongoso bakal lali marang agomo kang tekane soko Gusti, lan siro bakal ngelekake opo kang dadi peparingane Gusti.

(Mokoholo: 19)

Sedjatine Gusti arep maringi maneh, marang opo kang dadi pendjalukhe siro kabeh. Anangeng opo kang uwes diparengake Gusti, siro ora tahu mangerteni, ugo siro malah bali musuhi Gusti, kang moho kuwoso kang pareng sak kabehe marang siro.

(Mokoholo: 20)

Lan siro bongoso Djowo, kang mahune dadi katresnane Gusti malah, nglalekake marang asmone Gusti. Lan pangelingan kang mahune teko kanggone siro bongoso Djowo, ugo isine layang Djojobojo, dadi sirno soko kuwasane Gusti, kanggo kahuripane siro bongoso Djowo, yen siro kuwi ora nggolekhi asal - usol siro.

(Mokoholo: 21)

Sebab agomone bongoso Djowo kang asli, kang tekane soko Gusti, engkang welas asih lan moho witjaksono. Ora bakal biso digolekhi, ugo adate bongoso Djowo kang asli. Sebab siro bongoso, djowo, uwes ora tahu maneh ngrungokake marang sabdhoning Gusti, kang uwes katules ono ing layang Djojobojo, kang wiwitan teko ono ing tanah djowo.

(Mokoholo: 22)

Gusti pareng dawoh: Sak durunge Gusti nyiptakake siro, bongoso Djowo. Gusti uwes maringi opo wahe, kanggo kahuripan siro ing bumi mulyo. Supoyo sabdhoning Gusti kang uwes tak tules ono layang Djojobojo, biso siro gunakake sak mbendinane kanggo, nenuwon marang Gusti kang moho sutji.

(Mokoholo: 23)

Semono ugo Gusti bakal maringi umor kang dowo, kanggone siro bongoso Djowo, yen siro kuwi gelem manot marang opo kang dadi pendjalukhe Gusti. Anangeng siro kudu biso ngakoni deneng Gusti kuwi kang kuwoso ono ing djagat iki, lan kuwoso pareng opo wahe kanggone siro, ing bumi mulyo, ugo ing bumi sentoso.

(Mokoholo: 24)

Lemah kang mahune gareng Gusti biso ngidjoake, tanpo mripate djalmo manungso kuwi mangerti sopo kang nggawe. Kabeh mahu amergo witjaksanane Gusti, kang uwes ditemuronake marang siro bongoso Djowo. Supoyo siro biso mangerteni marang kuwasane Gusti kang moho witjaksono, kang uwes katules ono ing layang Djojobojo, kanggone bongoso Djowo.

(Mokoholo: 25)

Gusti nyiptakake pasangan lanang lan wadon, kanggone bongoso Djowo. Supoyo bongoso Djowo kuwi biso nduweni keturunan, kang biso nerusake kapertjayane Gusti, kang diparengake marang siro, lan ngelingi soko end i tekane kanikmatan kuwi.

(Hosoropolo: 1)

Gusti pareng dawoh marang aku: Siro bongoso Djowo, sedjatine uwes diparingi Gusti, kadegdayan. Kanggo kaperluane siro kabeh sak mbendinane. Awet tanah djowo kang mahune gundol, Gusti, dadekake idjo, supoyo siro bongoso Djowo, biso krasan marang panggenan kang anyar iki.

(Hosoropolo: 2)

Anangeng sabdhoning Gusti kang uwes tak tules ono ing layang Djojobojo, kanggone siro bongoso Djowo. Gusti pareng dawoh: siro bongoso Djowo, bakal ninggalake agomo peparingane Gusti kang moho sutji. Lan Gusti pareng sabdho: siro bongoso Djowo bakal lungo adoh, kanggo nggolekhi asmone Gusti, siro dewe bakal ora nduweni katentreman, yen siro kuwi lali marang asmone Gusti, kang uwes temuron kanggone siro, ing tanah djowo.

(Hosoropolo: 3)

Sebab sabdhoning Gusti, kang uwes tak tules ing layang Djojobojo, kanggone siro, malah siro tinggalake. Menyang montjo endi wahe siro lungo, lan iki sabdhoning Gusti: bongoso Djowo ora bakal nduweni katentreman, nganti wantjine bali ono ing ngarsane Gusti.

(Hosoropolo: 4)

Amergo pangertene Gusti kuwi luweh duwor, katimbang pangertene, siro bongoso Djowo, kang diparingi Gusti. Budi, roso, pikiran, lan angen- angen, supoyo siro biso mangerteni marang dununge kahuripan kang tekane soko Gusti. Anangeng djalmo manungso kang dadi tjiptakane Gusti kuwi, ngendikane marang siro. Iki sedjatine agomone siro. Sedjatine djalmo manungso kuwi, ngapusi siro, sebab siro djalmo manungso kang wiwitan teko ono ing djagat iki, kang nggowo agomone Gusti.

(Hosoropolo: 5)

Gusti pareng sabdho: bongoso Djowo kabeh kang ono ing djagat iki, bakal ora mirengake maneh marang ngendikane Gusti. Awet sabdhoning Gusti kuwi uwes luweh disek teko.

(Hosoropolo: 6)

Banyu kang mahune resek, bakal dadi reget, yen bongoso Djowo kuwi lali, marang wekasane Gusti. Ugo asmone Gusti kang manggon ono ing roso siro, bakal sirno, soko kahuripane bongoso Djowo. Semono ugo kasempurnane Gusti, kang papat, kang dititesake ing bumi sutji, bakal sirno soko kahuripane siro.

(Hosoropolo: 7)

Gusti kang moho kuwoso, ugi Gusti kang pareng keslametan dumateng kawulo rino klawan wengi. Among pandjenengan Gusti, kawulo, pasrahaken gesang lan sedoh kawulo, sirno bebayan sangkeng kuwoso pandjenengan kagem sak lawase. Lan iki kang dadi sabdhoning Gusti, kanggone siro bongoso Djowo, kang iseh mangerteni marang kuwasane Gusti.

(Hosoropolo: 8)

Gusti kang moho kuwoso, kang maringi ukom kanggone djalmo manungso, sak durunge djalmo manungso kuwi teko ing bumi sutji ne, ibu. Ugo pangomongan kang teko kanggone djalmo manungso kang ono ing djagat iki, uwes dadi sabdhoning Gusti.

(Hosoropolo: 9)

Anangeng djalmo manungso kang dadi tjiptakhaning Gusti kuwi tansah, nggolekhi barang kang tjeloko kanggone uripe. Sak untoro peparingane Gusti kang utomo, malah ditinggalake. Lan semono ugo, djalmo manungso wedi, marang utjapane djalmo manungso, katimbang utjapane Gusti. Semono ugo bongoso Djowo, bakal ora biso nenuwon marang Gusti, nganggo bohoso ngawi, opo kuwi pantes mungguhing siro.

(Hosoropolo: 10)

Gusti pareng sabdho: Kabeh mahu bongoso Djowo, kang bakal nerimo, marang ukumane Gusti. Awet djalmo manungso kang ono ing djagat iki, ora tahu nerimo marang peparingane Gusti. Amergo kuwi teko sabdhoning Gusti: Sewu djalmo manungso, sidji kang nuruti dawuhe Gusti. Sebab djalmo manungso kuwi lali, deneng setan kang dadi tjiptakane Gusti kuwi, manggon ono ing ragane, djalmo manungso.

(Hosoropolo: 11)

Gusti kang moho kuwoso, nyiptakake rino klawan wengi, ugo Gusti, kang moho kuwoso pareng pangaksumo. Supoyo siro bongoso Djowo, ing wayah mbengi biso tjedak marang Gusti, lan nenuwon opo kang dadi kaperluane siro. Lan Gusti pareng sabdho: kahuripane bongoso Djowo kang mahune padang, bakal tak dadekake peteng kanggo sak lawase, yen bongoso Djowo kuwi nenuwon marang aku, nganggo bohosone djalmo manungso liyo.

(Hosoropolo: 12)

Gusti pareng dawoh: Kapinteran kang uwes diparengake Gusti, kang uwes katules ono ing layang Djojobojo, kanggone siro bongoso Djowo, malah siro tinggalake. Lan siro dewe malah bali musuhi asmone Gusti. Anangeng aku, Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo, kang diutos Gusti, ndjogo, budi, roso, lan kahuripane siro rino klawan wengi. Bakal nulesake opo kang dadi tumindakhe siro ing bumi mulyo iki.

(Hosoropolo: 13)

Gusti pareng dawoh: Aku iki Gusti kang moho kuwoso, kanggone bongoso Djowo. Supoyo bongoso Djowo kang melu dalane Gusti, yen ing bebayan, biso nyebot asmone Gusti. Lan bebayan opo wahe, bakal disirnakake Gusti, soko kahuripan siro. Amergo Gusti kuwi, kang moho mreksani, kahuripane djalmo manungso, ugo kahuripane djalmo setan.

(Hodjorolo: 1)

Gusti engkang welas asih lan moho witjaksono, ugo Gusti uwes maringi pangerten marang bongoso Djowo, lan djalmo manungso, kang ono ing djagat iki. Tumindakho kang betjek marang sak podho - podhoning urep, ugo tumindakho kang djudjor marang Gusti, nganggo roso kang ono ing rogo siro. Semono ugo Gusti, bakal maringi balesan, marang opo kang siro lakokake ing bumi mulyo kene, ugo ing bumi sentoso mengkone.

(Hodjorolo: 2)

Gusti kang moho mekso, marang ukom kang dadi kekarepane, ugo Gusti kang pareng sekse marang sopo wahe kang tumindak tjitro. Amergo sabdhoning Gusti kuwi, ora ono kang biso ngalang ngalangi, semono ugo kekarepane Gusti.

(Hodjorolo: 3)

Gusti kang moho kuwoso, kang ndjogo langet sarto bumi. Semono ugo, Gusti kang moho kuwoso ndjogo kahuripan, kang katon ugo, kang ora katon, lan sak isine kang ono ing djagat iki.Tanpo kuwasane Gusti kang moho sutji, bakal sirno djagat iki, semono, ugo bakal ora ono kahuripan, koyo sak ikine.

(Hodjorolo: 4)

Gusti kang pareng balesan marang bongoso Djowo kang ora melu, marang dalane Gusti. Lan Gusti pareng sabdho: Siro bongoso Djowo, yen pertjoyo marang Gusti, turutono opo kang dadi pendjalukhe Gusti. Anangeng yen siro kuwi ora pertjoyo, kasengsarane urep siro, bakal teko.

(Hodjorolo: 5)

Gusti uwes maringi sabdho marang aku, kang tak tules ono ing layang Djojobojo. Bongoso djowo kabeh, kang nglalekake Gusti, uripe bakal kurang sandang lan pangan. Ugo lemah kang mahune idjo, bakal tak garengake koyo mahune, nganti akhire siro kabeh ora nduweni katentreman.

(Hodjorolo: 6)

Gusti pareng dawoh: Kedjawen dituronake ing tanah djowo, soko kuwasane Gusti kang moho witjaksono. Supoyo bongoso Djowo kuwi, biso nduweni kahuripan kang sempurno, ing bumi mulyo kene lan mirengake opo wahe kang dadi pendjalukhe Gusti. Anangeng siro biso ngrasakake kahuripan, yen siro kuwi ing bebayan.

(Hodjorolo: 7)

Gusti kang ndjundjong dradjat kahuripanipon kawulo. Lan iki kang dadi sabdhoning Gusti marang bongoso Djowo kabeh, kang iseh mangerteni rnarang opo kang dadi kekarepane Gusti. Semono ugo, Gusti bakal ndjundjong dradjat kasengsarane uripe bongoso Djowo, yen bongoso Djowo kuwi mangerti, ukume Gusti.

(Hodjorolo: 8)

Siro bongoso Djowo, sedjatine nduweni pangomongan: Gusti kang moho kuwoso, kang pareng pepadange kahuripan. Supoyo dalan pikiran siro kang peteng, biso dadi padang. Anangeng siro bongoso Djowo, malah nglalekake pangomongane Gusti, kang tak tules ono ing layang Djojobojo.

(Hodjorolo: 9)

Siro bongoso Djowo, arep nyuwon opo maneh marang Gusti, sebab kadegdayan kabeh uwes ono ing ragane siro. Lemah kang mahune gareng biso siro telesake, ugo lemah kang teles biso siro garengake, yen siro kuwi pertjoyo marang kuwasane Gusti. Sebab kahuripane bongoso Djowo kang ora pertjoyo marang Gusti, bakal, nemokake kasengsaran kang gede, ing tembe mburine.

(Hodjorolo: 10)

Gusti pareng sabdho: bongoso Djowo, yo kuwi bongoso kang wiwitan, kang dadi tjiptakane Gusti, kang teko ing bumi mulyo iki kang nggowo kuwasane Gusti, sak durunge ono djalmo manungso. Anangeng sabdhoning Gusti kang uwes tak tules ing layang Djojobojo: Siro bongoso Djowo, yen bumi mulyo iki uwes kebak, karo djalmo manungso kang dadi tjiptakane Gusti. Siro bongoso Djowo, bakal lali marang agomo peparingane Gusti, Ugo marang isine layang Djojobojo.

(Hodjorolo: 11)

Gusti kang moho mreksani marang kedadian kang nyoto, marang tumindakhe bongoso Djowo kang ora nerimo marang peparingane Gusti kang moho sutji. Bandjor Gusti pareng sabdho: Yen tanah djowo katekan djalmo manungso liyo kang dadi tjiptakane Gusti. Agomo Kedjawen lan sak isine layang Djojobojo, kang ditules: Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo, kanggone leluhure bongoso Djowo, bakal tak sirnakake deneng kuwasane Gusti, kang moho sutji.

(Hodjorolo:12)

Lan bongoso Djowo, ora bakal biso maneh mangerteni, marang dununge agomone bongoso Djowo, kang tekane soko Gusti. Bandjor goro - goro kuwi teko, lan ndadegake kahuripane bongoso Djowo, lali marang asal - asule, lan ninggalake marang wekasane Gusti, kang moho sutji, kang uwes katules ono ing layang Djojobojo kanggone bongoso Djowo.

(Hodjorolo: 13)

Gusti pareng dawoh: Bongoso djowo kang mahune diparingi kadegdayan marang Gusti, malah ditinggalake. Nganti akhire sabdhoning Gusti kuwi teko, ngrusak kahuripane bongoso Djowo. Lan bongoso Djowo sopo wahe, kang ora mirengake opo kang dadi, kekarepane Gusti, ugo ninggalake marang wekasane Gusti, bakal keno ukumane Gusti kang gede. Semono ugo siro kabeh ora bakal biso nyuwon pangaksumo, kedjobo nerimo marang ukumane Gusti, kang pareng sekso marang bongoso Djowo, kang uwes katules, ono ing layang Djojobojo.

(1)

Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
nyiptakakе djalmo manungso. Ugo marang asal - usule
sedulor papat, kang momong djalmo manungso.

Sak durunge bumi sutji kuwi ono kang manggoni, Gusti uwes luweh disek, nggawe ukom kanggone djalmo manungso. Bandjor Gusti, ngetokake kuwasane nggawe sukmo, lan udjute rogo, kang dititesake Gusti, ing bumi sutji, naliko wong wadon kuwi mbobot iseh anyar - anyaran. Bandjor naliko djabang bayi kuwi umure arep ngantjek sesasi: Gusti ngetokake kuwasane nggawe udjute rupo, marang djabang bayi kuwi, kang artine bongoso. 2. Bandjor naliko umure djabang bayi kuwi, arep ngantjek umor rong sasi: Gusti ngetokake kuwasane nggawe udjute: Werno.] 3. Bandjor naliko umure djabang bayi kuwi, arep ngantjek umor telong sasi: Gusti ngetokake kuwasane nggawe udjute: Kulet.] 4. Bandjor naliko umure djabang bayi kuwi, arep ngantjek umor patang sasi: Gusti ngetokake kuwasane nggawe udjute: Uthek.] 5. Bandjor naliko umure djabang bayi kuwi, arep ngantjek umor limang sasi: Gusti ngetokake kuwasane nggawe udjute: Otot.] 6. Bandjor naliko umure djabang bayi kuwi, arep ngantjek umor enem sasi: Gusti ngetokake kuwasane nggawe udjute: Balong.] 7. Bandjor naliko umure djabang bayi kuwi, arep ngantjek umor pitong sasi: Gusti ngetokake kuwasane nggawe udjute: Rambot, geteh, lan dageng. Lan iki kang disebot

sempurnane Gusti, nyiptakake djalmo manungso, deneng udjute djabang bayi kuwi uwes sempurno. Amergo kuwi, kanggone djalmo manungso kang uwes luweh disek teko ing bumi mulyo iki, kang Gusti suwon: Mator nuwono, marang Gusti kang moho kuwoso, deneng udjute djabang bayi, kang ditjiptakake Gusti ing bumi sutji kuwi, uwes sempurno. Lan sirnakake bebayan kanggone djabang bayi kuwi, supoyo yen djabang bayi kuwi utjol soko bumi sutji, ora nandang kasengsaran, amergo sengkalane setan.
Bandjor dusono bopo lan biyunge djabang bayi kuwi, karo dungo keslametan: 8. Bandjor naliko umure djabang bayi kuwi, arep ngantjek umor wolong sasi: Gusti ngetokake kuwasane, nggawe asal - usule sedulor papat ugo artine sedulor papat:
1. Geteh puteh. artine: [welas asih]
2. Bungkos. artine: [kang nggawe kekuatan]
3. Ari - ari. artine: [kang ndjogo sukmo]
4. Geteh abang. artine: [kang nglawan bebayan]

Bandjor sak teruse, Gusti ngetokake kuwasane nggawe, djenenge sedulor papat kang sedjati. Kang manggon ono ing ragane djabang bayi, kang udjute koyo mengkene:
1. Djoborolo. manggon ono ing [kulite djabang bayi]
2. Mokoholo. manggon ono ing [balunge djabang bayi]
3. Hosoropolo. manggon ono ing [nyawane djabang bayi]
4. Hodjorolo. manggon ono ing [daginge djabang bayi]

Bandjor naliko umure djabang bayi kuwi, arep ngantjek umor sangang sasi: Gusti ngetokake kuwasane, nggawe roso kanggone djabang bayi kuwi, kang udjute koyo mengkene:
1. Budi. ing ndjerone budi ono, [pikiran.]
2. Roso. ing ndjerone roso ono, [sukmo.]
3. Pikiran. ing ndjerone pikiran ono, [roso.]
4. Kahuripan. ing ndjerone kahuripan ono, [Ingsoen.]

Jo Ingsoen sedjatine manungso, kang ditjiptakake Gusti, kang moho sutji, kang nggowo kasempurnane Gusti: Moho kuwoso Gusti, engkang pareng kasempurnane djabang bayi, ing bumi mulyo meniko, sangkeng kuwoso pandjenengan. Bandjor utjol sabdhoning Gusti kanggone Ingsoen, ninggalake bumi sutji. Utjol soko dalan kang tjilek, bebarengan sempurno marang udjute sedulor papat kang moho sutji: Duh Gusti kang moho sutji, kok kados makaten bumi mulyo puniko. Kabeh mahu uwes sempurno marang opo kang tinitah Gusti, kanggone djalmo manungso. Lan siro, djalmo manungso ora perlu wedi, marang kahuripan ing bumi mulyo iki. Awet kahuripan siro ing bumi mulyo kene ora idjen ketjobo nggowo kuwasane Gusti. Ugo siro ditunggu sedulor papat kang asmone, Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo, rino klawan wengi kang dadi utusane Gusti. Amergo kuwi ngelingono marang sabdhoning Hosoropolo, kang diutos Gusti pareng warto kanggone siro bongoso Djowo. Supoyo siro biso mangerteni, lan ngelingi marang dino kang dadi pengapesane siro, sak mbendinane, ing dino kemis mbengi lan minggu mbengi. Awet ing dino kuwi, sengkalane siro teko, soko smoro bumi, kang ndadegake, kahuripane siro ing bebayan, yen siro nglalekake marang udjute abang lan puteh. Amergo kuwi, ngelingono

marang udjute siro, supoyo siro biso nduweni kasempurnan marang kahuripane siro kang ditunggu sedulor papat ing bumi mulyo iki.

(1)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti kang gaib
kanggone Ingsoen, ing bumi sutji.
Kang ditules Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo.

Sak durunge benihe Ingsoen kuwi ono, Gusti kang luweh disek nggawe ukom kanggone Ingsoen, bandjor sukmo kang iseh durong ono isine ing bumi sutji. Ketjobo kang luweh disek teko, asmone, Ingsoen ing bumi sutji, ora ono Gusti ketjobo Ingsoen. Lan benihe Ingsoen kang moho sutji, kang ditjiptakake Gusti, ndadegake sipate Ingsoen sutji, ono ing asmone Ingsoen.

(2)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
ndadegake benihe Ingsoen ing bumi sutji.

Ingsoen benih kang moho sutji, kang biso nggawe sak widjine kedadian, ugo Ingsoen biso ngentekake opo kang dadi kekarepane Ingsoen. Awet Ingsoen nduweni kasempurnan kang manggon ono ing ragane Ingsoen, kang diparengake Gusti. Lan iki tondo, kang kasunyatan marang asal - usule Ingsoen. Luweh, luweh Ingsoen iki rasane manungso kang ditjiptakake Gusti, kang tekane soko: (1. Lemah.) (2. Geni.) (3. Banyu.) (4. Angin.) Bandjor teko rasane Ingsoen kang lima jo kuwi: (I. Tjahyo.) (2. Roso.) (3. Sukmo.) (4. Angkoro murko.) (5. Budi.) semono, ugo budi kuwi tali rupane Ingsoen, kang moho sutji, tan keno, reget kanggo sak lawase.

(3)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
supoyo Ingsoen biso, nglebor marang kesalahane.

Ingsoen nduweni kesalahan, marang ragane Ingsoen, kang moho sutji, kang ditjiptakake Gusti. Awet Ingsoen tansah nglalekake, marang asal - usol Ingsoen, kang tekane soko Gusti. Bandjor reget kuwi teko, ngrusak kahuripane Ingsoen, kanggo sak mbendinane. Lan akhire Ingsoen nduweni roso ngapusi, angkoro murko, lali, kang tekane amergo kesalahane Ingsoen dewe. Sebab Ingsoen uwes ora tahu maneh mangerteni, marang kasempurnane Ingsoen kang diparingi Gusti, ugo marang sedulor papat kang momong Ingsoen, rino klawan wengi Dungo: (Gusti kang moho pangaksumo, kang kuwoso pareng kasempurnan marang Ingsoen. Ingsoen nglebor marang
kesalahane Ingsoen, ugo marang dusane Ingsoen kang nggawe, sengsarane kahuripane Ingsoen. Sirno bebayan soko, kuwasane Gusti kang

moho pangaksumo, sirno bebayan kanggo sak lawase. Ingsoen sempurnakake udjute Ingsoen, kang mahune sirno. Slamet sempurno marang udjute Ingsoen kang moho sutji soko kuwasane Gusti.)


(4)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
supoyo Ingsoen biso nglebor kesalahane
marang sedulor papat, kang momong Ingsoen

Ingsoen nglebor dusane Ingsoen, marang sedulor Ingsoen kang papat: Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo, kang ndjogo Ingsoen rino klawan wengi. Kakang kawah adi Ingsoen si ari - ari, pusating kabeh sedulor Ingsoen, kang ndjogo Ingsoen ono ing djagate Gusti, kang gaib. Kang metu bebarengan sempurno, marang udjute Ingsoen kang pantjer, kang tinitah Gusti. Dungo: Gusti engkang welas asih lan moho pangaksumo, sirnakake bebayan, kang ono ing ragane Ingsoen, ugo sirnakake kabeh kesalahane Ingsoen, marang sedulor Ingsoen kang papat. Slamet soko kuwasane Gusti, ugo slamet marang kahanane Ingsoen, kang sedjati, kanggo sak lawase.

(5)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
ngawenake sukmo lan ragane Ingsoen.

Gusti kang moho kuwoso, kang ngawenake sukmane Ingsoen, karo ragane Ingsoen, lan pengulune poro Midodari. Bandjor disaksekake, sedulor Ingsoen kang papat, kang asmone: Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, lan Hodjorolo, kang mangku roso, ugo kang pareng tjahyo kahuripane Ingsoen. Bandjor Gusti maringi kuwasane, marang sedulor Ingsoen kang papat kang diutos Gusti, ndjogo, kahuripane Ingsoen ing bumi mulyo kene, supoyo Ingsoen biso nduweni kahuripan kang sempurno:
1. Djoborolo. kang maringi pangomongan marang Ingsoen.
2. Mokoholo. kang maringi roso marang Ingsoen.
3. Hosoropolo. kang maringi pangelingan marang Ingsoen.
4. Hodjorolo. kang maringi wisikhan marang Ingsoen.

Bandjor Ingsoen nebusi mas kawine Ingsoen, sukmo lan ragane Ingsoen marang Gusti, jo kuwi kasempurnan kang ono ing kuwasane Ingsoen kang sidji: Joho Gosoto. Joho Djoborolo. Joho Mokoholo. Joho Hosoropolo. Joho Hodjorolo. Joho Hongosono.



(6)
Wedjangane marang sabdhoning Gusti,
mbangon keratone Ingsoen, ing bumi mulyo
ugo ing bumi sentosane Gusti mengkone.

Ingsoen benih kang moho sutji, kang tinitah Gusti. Ingsoen biso, ndadegake sak widjine kedadian, ugo Ingsoen biso ngentekake, opo kang dadi kekarepane Ingsoen ono ing djagat iki. Sarto Ingsoen kang moho kuwoso, nyiptakake keratone Ingsoen kang agung, nganti kang moho mulyo kanggo sak lawase. Dungo: Ingsoen ngubengi kasempurnan marang keratone Ingsoen, ugo sedulor papat kang ngubengi ragane Ingsoen, kang ora ono entekhe. Keratone Ingsoen padang, lan mbukak marang opo kang dadi tjiptakhaning Ingsoen, lan teko kabeh kekarepane Ingsoen rino klawan wengi kang ara ono entekhe, soko kuwasane Gusti. (Dungo kuwi diwotjo naliko arep masang djanur, ono ing nduwor pelawangan, ing tanggal 1 hosoro.)

(7)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
supoyo Ingsoen biso mbalekake sengkalane rogo.

Sengkolo kang ono ing bumi mulyo, Ingsoen kabeh kang nduweni ugo marang ukumane Gusti, yen Ingsoen uwes bali. 1. Rambot. 2. Geteh. 3. Kulet 4. Dageng. 5. Balong, lan sak isine ragane Ingsoen. Kang asale soko tjahyo, bali marang asale tjahyo kang moho sutji, kang ara ono entekhe. Dungo: Gusti kang moho sutji, ugi pandjenengan engkang moho pangaksumo, dumateng djalmo manungso kang sampon kondor wonten ing ngarso pandjenengan kagem sak lawase. Moho kuwoso Gusti, pandjenengan sirnakake sengkalane Ingsoen, supados anak lan putunipon mboten nandang kasengsaran. wonten ing bumi mulyo meniko. Gusti kang moho pangaksumo, kang nyirnakake udjute Ingsoen kang moho sutji, kagem sak lawase.

(8)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
nyempurnakake Ingsoen, ugo sempurnane sedulor papat
kang diutos Gusti, ndjogo kahuripane Ingsoen.

Ingsoen kang nduweni kadegdayan, kang tekane soko Gusti. Semono ugo, Ingsoen biso nggawe sak widjine kedadian, ono ing djagat iki, mergo witjaksonone Gusti kang moho kuwoso. Kang ngutos Ingsoen teko, ono ing bumi mulyo. Anangeng kuwasane Ingsoen, disuwon Gusti bali, ono ing panggenane Gusti kang moho sutji, kanggo sak lawase. Kuwasane Ingsoen bali sempurno marang udjute Ingsoen kang pantjer, ugo marang sempurnane sedulor, papat, kang pareng pangelingan marang Ingsoen. Dungo:

1. Hodjorolo. kang ngutjolake rasaning Ingsoen soko rogo.
2. Hosoropolo. kang ngutjolake sukmane Ingsoen soko rogo.
3. Mokoholo. kang ngutjolake pikirane Ingsoen soko rogo.
4. Budi lan pangomongane Ingsoen, kang ngutjolake sedulor Ingsoen, kang asmone
Djoborolo. Kang nerusake pangomongan marang Gusti, deneng sukmane Ingsoen disuwon Gusti bali.

(9)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
ugo marang sengsarane keturunane Ingsoen.

Keturunane Ingsoen kang iseh manggon ono ing bumi mulyo kene, bakal nemokake kasengsaran kang gede, yen Ingsoen uwes bali, ono ing ngarsane Gusti kang moho sutji. Awet wiwitane Ingsoen, ngidak bumi mulyo kene, Ingsoen ora tahu mangerteni marang kuwasane Ingsoen kang

diparingi Gusti. Ugo Ingsoen tansah nglalekake marang dawuhe Gusti, kang nyiptakake Ingsoen, ono ing bumi sutji. Ingsoen tansah nduweni pikiran kang olo marang dawuhe Gusti kang nyiptakake Ingsoen, nganti kahuripane, Ingsoen nandang kasengsaran. Sedjatine Ingsoen mangerteni, marang kahuripane Ingsoen, sak mbendinane. Kang sak mestine, Ingsoen biso ngutjapake sembah nuwon marang Gusti, kanggo sak mbendinane, sebab Gusti kang pareng sak kabehe, marang kahuripane Ingsoen. Anangeng Ingsoen, tansah tumindak olo nglakokake barang kang tjeloko, nganggo pikirane dewe, lan semono ugo, Ingsoen malah bali musuhi Gusti. Djoborolo pareng dawoh: Opo kuwi pantes kanggone Ingsoen tumindak tjitro marang Gusti, kang pareng kasempurnan marang Ingsoen. Ugo sengkolo kang manggon ono ing ragane Ingsoen, bakal nyengsarakake keturunane, Ingsoen, yen Gusti kuwi uwes misahake sukmane Ingsoen. Amergo kuwi kanggone Ingsoen, kang iseh nduweni pangelingan marang dawuhe Gusti, tumindakho kang betjek marang Gusti, sak durunge murkane Gusti kuwi teko.

(10)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
kang disampekake marang Djoborolo, kanggone Ingsoen.

Djoborolo pareng dawoh: Ingsoen, yen Gusti uwes misahake sukmo, lan ragane Ingsoen. Ingsoen bakal nduweni urusan kang gede, marang Gusti, yen Ingsoen kuwi ora nduweni kapertjayan marang Gusti, kang moho kuwoso. Awet naliko Ingsoen iseh manggon ing bumi mulyo, Ingsoen tansah nduweni wasongko kang olo marang kuwasane Gusti, kang nggawe urep lan matine Ingsoen. Lan wasongko kang olo kuwi, ndadegake kahuripane Ingsoen ing bebayan kang gede. Nganti akhire sekarating Ingsoen kuwi teko. Lan sekarat iki kang ndadegake kasengsaran kanggone ragane Ingsoen, kang ora ono entekhe. Ugo aku dewe kang diparingi kuwoso marang Gusti, ora biso nulungi opo kang dadi sengsarane Ingsoen. Sedjatine Gusti kuwi manggon ono ing rosone Ingsoen, amergo kuwi tjekelen asmone Gusti, lan dudohake niat Ingsoen, rino klawan wengi, ugo nenuwono marang Gusti. Supoyo sekarate Ingsoen kuwi ora teko, ing bathine Ingsoen.

(11)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
kang disampekake marang Mokoholo, kanggone Ingsoen.

Ingsoen kudu biso nyaksekake, marang benihe Ingsoen kang moho sutji. Amergo kuwi, ora ono Gusti kang kuwoso ing djagat iki, kedjobo Ingsoen kang sidji. Lan Ingsoen nyaksekake sedulor papat Ingsoen kuwi, utusane Ingsoen, kang ndjogo Ingsoen rino klawan wengi. Ugo kang asmone Gusti kuwi, sedjatine ragane Ingsoen. Lan semono ugo Mokoholo kuwi, kang pareng roso ugo kang pareng tjahyo kanggoning kahuripane Ingsoen, tan

keno, mati kanggo sak lawase. Dungo: Ingsoen kang tansah nduweni pangelingan, marang sedulor Ingsoen Mokoholo. Kang tansah maringi roso marang Ingsoen sak mbendinane, tan keno Ingsoen lalekake. Ingsoen kang tansah nduweni kasempurnan, marang sedulor Ingsoen Mokoholo, kang tansah ngadohake Ingsoen soko bebayan rino klawan wengi, tan keno Ingsoen lalekake. Ugo Ingsoen biso ngentekake kuwasane Ingsoen, kang diparengake Gusti, kang manggon ono ing ragane Ingsoen.

(12)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
kang disampekake marang Hosoropolo, kanggone Ingsoen.

Sedulor Ingsoen kang bebarengan mreksani, ugo bebarengan mirengake opo kang dadi ngendikane Ingsoen. Ugo Hosoropolo tansah maringi pangelingan, marang kahuripane Ingsoen. Dungo: Sedulor Ingsoen kang papat, Djoborolo, Mokoholo, Hosoropolo, Hodjorolo, kang tansah mirengake opo kang dadi, pendjalukhe Ingsoen. Welas asiho siro kabeh marang Ingsoen, soko kuwasane Ingsoen kang diparengake Gusti kang moho sutji.

(13)
Wedjangane marang sabdhoning Gusti,
kang disampekake marang Hodjorolo, kanggone Ingsoen.

Ingsoen biso ngutjolake sukmane Ingsoen, soko ragane Ingsoen tanpo kasengsaran. Sukmane Ingsoen bali marang bumi sentosane Gusti, kang ditunggu sedulor Ingsoen Hodjorolo, kang nunggu, djagate rosoning Ingsoen. Bandjor teko djagate sukmo, lan djagate sukmo Ingsoen terusake marang djagate pikiran. Bandjor djagate pikiran, Ingsoen terusake marang djagate pangomongan, jo kuwi mati. Dungo: Ingsoen benih kang moho sutji, kang dadi tjiptakhaning Gusti kang moho kuwoso. Gusti kang moho kuwoso kang kuwoso, ngutjolake sukmane Ingsoen soko ragane Ingsoen tanpo kasengsaran. Lan Ingsoen kang kuwoso ngumpolake, sedulor papat marang udjute Ingsoen kang moho sutji soko Gusti.

(1)
Wedjangan marang sabdhoning Gusti,
diwotjo ing tanggal 1 hosoro,
karo semedi ono ing pingger segoro.

Jo Gusti kang moho sutji.
Jo Gusti kang moho pangaksumo.
Jo Gusti kang moho sentoso.(diwotjo kapeng 33.)

